ПАРХОМЕНКЭ Юлие зэпу ирагъэблэгъащ1 лицей №5-м. 9 - 11-нэ классхэм щеджэ ныбжьыщ1эхэм щахуэзэам, абы и гугъу ищІащ 2009 гъэм къриубыдэу кІалэм щ1ызэфІагъэкІаХэм, адэкІэ Прохладнэм экономикэ, социальнэ я пэныкъуэкІэ зэрызнужьыну щ1ыкІэм. Абы и ужькІэ кІалэ унафэщІым еджакІуэхэм я упщІэхэм я щхьэкІэ щ1ыпсэльэльхащ: щІэныгъэ зрагъэгъэуэ нэужь, пэжьапІэншэу кьызэрынэм, республикэм и егъэджэныгъэ Іуэхущ1апІэхэр, школ щхапІэкІэ зыхуэдэм, кІалэм кинотеатрэ псыгуэнрэ къыщ1ызэІухыным, Іэнатіэ-щІэхэр кьызэрэпэщ1ын зэрыхуейм, нэгузыжьэ пшыхьэкІэ егъэкІуэкІыным, Сочэ щекІуэкІыну Олимп Джэгуэхэм.

Иджырей унафэщІым хэтным хуей хьэл-щэнхэр зыхуэдэм текуухауэ упщІэ щІатым, Пархомэнкэ Юлие кьыхигъэщащ: «Нэхъыщхьэр щ1ыхухэм ухуэгугъ1ыІэу ущ1ымытынырщ, ахэр зыгъэгуэвэ Іуэхуэхэм хэпщІыкІыу нкІи а гугъуехьхэр зэрызэфІэпхыным хуущІэкъуэнырщ. Мыпхуэдэ зэІуцІэхэр щхьэпэ хъунущ фэ фызыхуэпабгъэр хуэщІэнымкІэ, апхуэдэуи фыжьыщ1ыщ1ахъуа кьаІэм фыщ1эльэхэн папщІэ фтщІэн хуейхэри кьыдгуригъэІуэнущ».

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

ДытекІуадэр пэж?

Урысейм мурад ищІащ фадэ гуащІэм зауэшхуэ нрищІыІэну. Правительствэм и Унафэщ Путин Владимир Іэ щІидзащ фадэм ебэныныжкІэ программэмэ. А Іуэхугъуэм и къаІэн нэхъыщхьэщ 2020 гъэ хъуху щІыхуэхэм нрафыр ІуикІэ гъэмэщІэныр. Нобэ зы щІыхуэ къэхуэзэу литр 18 Урысеймрафр, а бжыгъэр дитриём нас иралудыхыну аращ. Фадафэм щеІэзэ, ар щагъэлажьэ профилакторинхэр къыгъэщІэрыкІыну зэкІэ Правительствэр нужь иткъым, ауэ абыхэм щеІэзэныщ психологическэ, реабилитационнэ Іуэхущапіэхэм.

КъАлЪУАГЪАЩІЭ сабийхэри лІыжьхэбзыжьхэри хэту, Урысеймрилъэс къэс щрафадэр псоми ятедгузэжкмэ, зы щІыхуэ аркъэ бащырбзу 90 хуоэз. Шагъырым хуэбгъакІуэмэ, а бжыгъэр бащырбэ 200 мэхъу. Фадэр лъэпкъ тхъэмыщкІагъэ куэд щІауэ хъуауэ кьелыткІэ Президент Дмитрий Медведевми. Арщ Іэнатіэ псори ядиІэзыбыдэ -зауэ- фадэм иращІыпІэныр кьызысхэКІри. Ар щагъэльагъуэ рекламэхэр щыІэнукъым, хабзэм кьемызэгъыу фадэ зыщІэжэм жэуап ткІий яхьынущ.

КъащтагъащІэ программэм ипкъ иткІэ, фадэм эзеребэныну щыкІэр Іыхьиті ращыкІащ. Ямэ Іыхьэр нухьинущ 2012 гъэм. Абы щыху кьэс хуэзэу ираф фадэ бжыгъэр процент 15-м нэс игъэмэщІэн хуейщ. ЕтІуанэ Іыхьэм, 2020 гъэм зэфІэкІынум, а бжыгъэр иридыхьынущ процент 55-кІэ.

Зи гугъу тщІы Іуэхугъуэхэм щыщу зыгуэр хэр ялэжьынуи мы гъэм хунэсащ: аркъэ литр нкьыхъуэр сом 89-м нэхъ пуду ящІэну хуит ящІыжьркъым, Урысеймрилъэс и щыІнатІэ куэдым щадэжьркъым щыхъэщхьэмрэ жэщІмрэ фадэхэкІ нэхъ гуащІэхэр ящІу.

Абы дегъэпІейтей

А хабзэхэр щІэх-щІжьыгъэ къыззэпаудми, гъэмахуэ хъуху ахэр гьэзэщІэным щІыхуэхэр ирагъэсэну унафэщІхэм жаІэ.

Урысеймрилъэс и щІыхуэ ирагъэсэну унафэщІхэм ящІыхуэхэр зэрефэм тхъэмыщкІагъэ псори кьыхэкІыу. Аращ ар фадэхэкІ нэхъ щабэхэмкІэ зэрихъэкІыну иужь щІитри, Ауэ ар тынш хъунукъым - щагъыпырыфІыр аркъэм нэхъ рэхъ пІапІэжщи, куэду ящІэхунукъым.

ЗэхъуэкІыныгъэ нэхъ инхэм щыщІидзэнур 2010 гъэращ. Адэкіэ кьанэ иІысэ 7-м кьриубыдэу хабзэм кьемызэгъыу фадэ кьызыІэзыгъэкІ Президент Медведевыр апхуэдэ Іэмалхэм хуеПэщІэкІкъым, ауэ абы ехьэлІа гупсысэхэри нІэщ.

А Іуэхугъуэ псомкІэ зыгуэрыр фадэм илЫыкІхэм я бжыгъэр. Нэхъ мащІэ хъунущ абы уі гъэ тІыльа зэмылІэужьыгъуэхэр кьыхэзыІххэри. Узынщагъэр хъумэнымкІэ дунейпсо организацэм (ВОЗ) зэрифІэзэуванкІэ, зы щІыхуэ хуэзэу литри 8-м нэхъыбэ изыф лъэпкъым хэкІуэдэжьи щІедзэ. СамогонымкІэ кьыщежьэну, фадэхэкІ псоми ибжьмэ, зы щІыхуэ хуэзэу Урысеймрилъэс щрафІ литр 18 хуэдиз. А бжыгъэхэр Іуэ хущІапІэ зэхуэмыдэжэм зэмыщхьырэ кьагъэльагъуэ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, пэжыр бжыгъэ нэхъыбэращ.

АРОНОВ Алексей, БАТЕНЕВЭ Татьянэ.
(«Известия» газетым кьнтхьажащ).

Кърым унафэ щащІ

Кърым конференцыр Ялтэ кьыщыІэзІуахащ 1945 гъэм мазаем и 4-м. Ар зи жэрдэму щытар СССР-м и унафэщІ, маршал Сталин Иосифщ. А жэрдэмыр гугъу дыдэ демыхьу кьыдиІыгъащ США-м и президент Рузвельт Франклин. Ар имыдэу хуабжьу зифыщІыкьыгъ Британие Иным и премьер-министр Черчилль Уинстон. Абы псом хуэмыдэу игу иримыхьыр Кърымыр кьыззэрыхахарт. Ялтэрауэ, ар СССР-м и щыналъэт, ЕтІуанэрауэ э, зауэгуащІэ щекІуэкІкъм мыр хуабжьу эзтракутат ещанэрауэ, фІэжьжьхэт. Чер чилль тхьэщІыгъэжьырт Кърымым цІэм щашхыну. Ауэ, сыт хуэдизу щытми, къэралищым я лІышхьэ хэр зэ зэ хуэмызэу, зэмыщсадьэу хъунутэкъым. Ахэр щІыз зэхуэзэн хуейм щхьэусыгъуэ зыбжанз иІэт.

ПСОМ ялрэау э, ЕтІуанэ дунейпсо зауэр и кІэм нэбдаГъэрт ижьи хэт и дежькІи наІуэр СССР-м и текІуэныгъэкІэ зэрирухунур. ЕтІуанэрауэ, хагъащІэ Германием и Іуэхур зэрыхьнур Іупщітэкъым, ещанэрауэ, КЪуэжьІыпІэм мафІэ лыгъэри нэхъ псынщІэу щыІэунКІыфІын хэ уейт.

США-м и президент Рузвельт Ф. конференцыр кьызэІуахыным зы тхъэмахуэ иІэу Вашингтон кьыщежьащ. ХьІуфэм кьэсхиу кхъухьлъатэкІэ, итІанэ Атлантикэр кьызэрипущІыху, кхъухькІэ кьэжьащ. Мальтэ деж кьащІэу зыщигъэпсэхури, мазаем и 2-м пщыхьэщхьэм «С-54» кхъухьлъатэмкІэ Лука щыІэ аэродромым зыкьыщІэтащ. Ахэр кхъухьлъатищ хьурт. Абыхэм зэребгъэрыкІуэ кьэухьлъатэ пІыналъэу блы я гъусэт. А кхъухьлъатэм Кърым кьэсхуу километр минищым щигъу эпачын хуейт. Абы кьыхэкІыу ахэр Алыджмы и щыхьэр Афинхэм зэ щІытІысащ.

Мазаем и 3-м шэджагъуэм Рузвельт и кхъухьлъатэр Кърым щыІэ Саки аэродромым кьыщыІтІысащ. Абдежьм президентым щыІущІащ СССР-м хамэ къэралІуэхэмкІэ и министр Молотов Вячеслав, США-м и къэралсекретарь Гарриман Аверрелл, нэгъуэщІ лІыщхьэхэри. Дакьикъэ 20 хуэдизрэ дэкІуэу, а аэродром дыдэм инджылыз премьерым и кхъухьлъатэри кьыщІтІысащ. Рузвельтрэ Черчиллрэ ящІэшхуэ зэрыщыщІыр кьагъэльагъуэу, совет зауэлІэкэр сатыр дахэу блэкІащ. Рузвельтрэ ипхъу Анн-рэ урыс шофер эзрыс совет машинэм ирагъэтІысхьащ. Ялтэ нэса нэужь, Рузвельтрэ Черчиллрэ зыщІагъэтІысхьа хьэщІэщхэр зэпэлэщІэт.

Сталин И. В. Кьрымым щыкьыпрэ етІуанэ махуэращ. Сыхьэт зыбжанэ зигъэпсэхуэ нэужь, абырэ Молотов Вячеславрэ Рузвельт и деж кІуащ. ЛІыщхьитІыр зэрыщэпсэльар сыхьэт нкьхъуэщ. Пщыхьэщхьэм сыхьэтищ тхухэм и деж Кърым конференциир ЯлтІэ километрищкІэ пэІэщІэ «Ливадие» уардэ унэм кьыщыщІэуахащ. ИкІи ар зэрекІуэкІар сыхьэтитІрэ дакьикъэ 40-рэщ. Советыдзэхэр Одер екІуэлІат, мыгувэу ВислэебгъэрыкІуэнут, Германием и щыхьэр Берлин зэрыпэІэщІэжьи километр 70-т. Ауэ щыхьэкІ, КЪуэхэпІэм щыІэ кьыткъуэтхэм я дзэхэр километр 500-м щІигъуэкІэ абы пэжьжьэт. Рузвельти Черчилли шэч льэпкъ кьыграхьэжьыртэжьым советыдзэхэм япэу Берлин кьыззэращтэнум. 1-нэ, 2-нэ Белорус фронтхэм Лодзь, Торунь, Познань, Шнийдемюль, нэгъэщІ щІыпІэхэм нэмыщІ дивизэу 15 щыз этракьутат. Ди дзэхэм КЪуэжьІыпІэ Пруссием и закъуэ фашист дивизэу 27-рэ кьыщаухъуреихьати. Гитлер КЪуэхэпІэ Европэм щыІэ и дивизэу 9 кьишэу ди дзэхэм кьапыщІигъэ увэну хэтт. А псом кьыхэкІыу генерал Антоновым кІэщІу кьигъэлэгъуащ Совет Правительствэм и Іуэху епльыкІэр. Зауэ и лъэныкъуэкІэ ар зэрыщытыр мырат: Запад (КЪухьэпІэ) фронтым (США-м, Британие Иным, нэгъуэщІхэм я дзэхэм). Арденнхэм я деж зауэм щыщІагъэхуэбжьэн икІи фашист Германием и дзэу Италием щыІэ дивизибгъур зэтраІыгъэн хуейт.

Ялп махуэм Антоновым и ужькІэ конференцым кьыщыпсэльащ США-м и штаб нэхъыщхьэм и унафэщІ, ар-мэм и генерал Маршалл Джордж. Абы кьигъэльэгъуащ КЪухьэпІэ лъэныкъуэм эмышІэ дивизэу иджыри 29-рэ зэрыщыІэр, абыхэм я нэхъыбэр Италием зэрыщызэуэр. ГенералитІым КЪуэкІыпІэмрэ КЪухьэпІэмрэ щыІэ кьаруэр зэрагъэпщати, СССР-м и лъэныкъуэр нэхъыбэу икІи куэдкІэ нэхъ льэщу кьыщІэщащ. Ар Берлин удын нэхъыщхьэр едзыныжкІэ куэдкІэ КЪухьэпІэм ефІэкІыпт. Абы щыгъуэ советхэм яІэт лъэсыдзэ кьудейуэ дивизи 100-м щІигъу, танкыу мини 9, кхъухьлъатэуи апхуэдизу, зэуапІэ километр зэбгъуэзэнатІэм топ 230-рэ хуэзэрт. Хуабжьу зыкьызызыфІэщІыжьа кьэрал зэкъуэтхэм (союзникхэм) абы щыгъуэ псори яІэр танк дивизэу 12-рэ лъэсыдзэу дивизэ 35-рэт.

Іуэхур апхуэдэу зэрыщытым игъэгушхуэ Сталин етІуанэ махуэм конференцым и лэжьыгъэм зэрыщІадзэу, КЪухьэпІэ къэрал лІыщхьэхэм захуигъэзащ зауэр зэриухыну щыкІэр кьаззэрыщыкІыхьр кьаІуэгъэну. Абы жэуап къриту Черчилль У. жиІащ: «Дзэ Плъыжьым кьигъэльагъуэ лъэщагъымрэ лыгъэмрэ хуабжьу зэрызгъэщІагъуэрэ схуэбзыщІынукъым... Сэ сыхуейщ советыдзэхэм я е хуІэлІныгъэхэм пащэну». США-м и президент Рузвельт Ф. Британие Иным и премьер-министрым и псальэхэр диІыгъа фІэкІа, хэхауэ жиІэн кьыхуэгъэтакъым.

США-м и генеральнэ штабым и Іэтащхьэ Маршалл кьигъэльэгъуат мазаем и 8-м нэхъ фІэмыкІыу КЪухьэпІэ фронтым щебгъэрыкІуэу щадзэну. Ауэ ар имыдэу къэващ Британие Иным и генеральнэ штабым и унафэщІ Алан Брук. Абы кьыпІхьащ Италием иджьри кьаруушхуэ бгъэдэльу, Франджыми Бельгиеми щыІэ щытыкІэхэр зэрыгугъу дыдэр.

Сыт хуэдизу щытми, фашист Германиер зэтекІуэтэнымкІэ, Европэр фашизмэм кьыдэщІэхьнымкІэ Кърым конференцым мыхьэнэзшхуэ иІащ. Абы и закъуэкъым. ЕтІуанэ дунейпсо зауэр зэрыщыту ухын хуейт. Конференцым зэрыщыІэзэгурыІуэм ипкъ иткІэ, Европэм текІуэныгъэ ин кьыщызыхьа СССР-р япон зауэми хьыкащ. КЪуэкІыпІэм текІуэныгъэ кьыщызыхьахэм ящыщу ди кьэралым и зауэлІ хахуэкэри.

Кърым конференцым и политикэ Іуэхугъуэхэри нэхъ тыншу щыпакъым. Абы хэтхэр псом хуэмыдэу куэдрэ иризэныкъуэкъуащ текІуэныгъэм иужькІэ Германием иІэну кьэрал щытыкІэр (статусыр) убзыхуным. Рузвельт къыхелъхьэ зауэ нэужькъым Германиер кьэрал щІыкІуит хуу гуэшын хуейуэ: Пруссиер, Саксониер, Бавариер, Баден, Вюртемберг. Абы кьинэмыщІауэ, США-м и президентым Германием кьыІуихыну хуейт Гамбург, Рур, нэгъуэщІ щынальхуэщхуэхэри. Британие Иным и премьерым и Іуэху епльыкІэр нэгъуэщІт. Абы Германиер щыуэгъэшын хуейуэ кьыгъэуар: Пруссиер, Австриер, Баварие. А тІуми я Іуэху епльыкІэр аркъудейкІи игу ирихьакъым Сталин И. В. «Фашист Германием дэ дыщІебгъэрыкІуэр а къэралыр ткъутэжыну я арахьым, - жиІащ абы. - Нэмыц щыІэбзм лажьэ иІэкъым. Абы езыр зыхуей къэрал ухуэкІэри псэукІэри кьыхихьыжынщ». Апхуэдэу СССР-м и къэралІыщхьэхэм кьыщигъэувым, Черчилль аргуэру кьыхихьыжащ Германиер тІуэр - КЪуэжьІыпІэрэ КЪухьэпІэу гуэшын хуейуэ, абы иужькІэ зэи зауэ ямыгъэхьеижьыфын хуэдэу.

США-м и президентми Британие Иным и премьерми я Іуэху епльыкІэм нэхъыбэу хэльыр дунейкм шынагъу эшагъэр щыхъэмэныртэкъым, атІэ езыхэм я тепщэнигъэр кьэЗэтынырт, абыхэм кьапэщІэувэф къэрал льэщ Европэм щымыІэжьи ху эдэу. Рузвельтрэ Черчиллрэ я Іуэху епльыкІэхэр щыпхымыкІым зэущэхужащ икІи зауэ нэужькъм Германием иІэну къэрал хуэгъэкІэм екъэлІа лэжьыгъэр хамэ къэрал ІуэхуэхэмкІэ министрхэм я пщэ далъхьэжащ.

УЭРЫШ Нурхьэлий.

Мылъку

ХэкІыпІэщІэ

Урысеймрилъэс и Банк нэхъыщхьэм и унафэщІым и къэдэхэ Улюкаев Алексей зэрыжиІамкІэ, къащэхун щІадзащ Канадэм и доллархэр.

А ІУЭХУЩІАПІЭМ и мурадщ «бабыщ цІыкІуу» (апхуэдэущ Канадэм щыпсэухэр езым я ахъшэм зэреджэр) игъэтІылъыну США-м и доллар меларди 9-м пэкІуэ. Я гугъэщ Австрием и ахъшэм щыщІ гъэтІылъыгъэм халъхьэну.

Урысей Федерацэм валютэ гъэтІылъыгъэ нобэ иІэщ доллар мелард 439-рэ. Ахэр США-м и доллархэрэ, евроКІэ, иенэкІэ яхъумащ иджыри къэс. Иджы а мылъкум щыщу проценти 2-р Банк нэхъыщхьэм кьихъуэжьынущ Канадэм и доллархэрэ. Апхуэдэ щІыкІэкІэкІэ а ахъшэ хьумапІэм зыщихъуэжьэну хуейщ США-м и доллар зэрыщымытыжым.

Иджырей зэманым Австриемрэ Канадэмрэ я ахъшэр гъэтІылъыгъэм и валютэщІэ дуней псом щыхъуащ, а къэралхэм я экономикэр, Урысеймрэ ейми ещхьу, сырыс щэным тещІыхьауэ зэрыщытым и фЫгъэкІэ.

АтІэ, а псом кьикІрэ Урысеймрэ щысэуэхэм, Банк нэхъыщхьэм хуэдэу, я доллархэр е сомхэр Канадэмрэ Австриемрэ я ахъшэкІэ къахъуэжмэ нэхъыфІу? А упщІэм и жэуапыр кьэдгъэльэгъуэнкІи я Іуэхур тынш зэрымыхъунур: валютэ хъуэжьыпІэхэм а къэралхэм я доллархэр хьэзыру зэи щаІыгъкъым, ахэр щхьэхуэу зэгурыІуэу банкышхуэхэм хэрахьу аращи, а псом махуитІ-щы текІуэдэнущ.

- Канадэм и долларым щІэупщІэ иІэщ, ауэ уи мылькур а ахъшэмкІэ е сомкІэ пхъумэныр зэрызэщхьэщыкІ щыІэкъым, - жеІэ ММВБ-м и индекс комитетым хэт Суверов Сергей.

ПОНОМАРЕВЭ Александрэ.
«Известия».

Законыщ1эм и Іэужьхэр

Артемьев «гущІэгъунэ»

Мы гъэращ федеральнэ антимонопольнэ Іуэхущапіэм (ФАС) и къару къэзэрихькІэ лэжьэну Іэмал щигъуэтар. Абы и унафэщІ Артемьев Игорь къызэрилъытэмкІэ, ар и фІыщІэщ нэгъабэ Іуэхуэр зыубзыку законодательствэм зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр зэрыхалъхьам.

- ИДЖЫ ЗЫМИ худэтчыхынукъым, зыми дыщысхынукъым, - жеІэ Артемьевым. - КьыпкърыкІ псори кьыпытхыу законыр дгъэлажьэнущ. Іуэхущапіэшхуэхэми къэрал комплиталхэми я Іуэху зехьэкІэр, я уасэ гъэувыкІэнэр зэрыщыІэр иджгъэувэнщ.

Мы гъэм ФАС-р нэхъыбэу зэлэжьынур щІыдагъэхэкІхэм, хущъхуэхэм, ерыскьыкІым я уасэхэр зэтес ахэр кьыщІэзыгъэкІ Іуэхущапіэхэм егъащІынырщ. Кьэгъу псори абы ирихьэлІэнущ уасэр драмыгъэуеиным. Псом кІэ зэригъэзэхуэнур дагъэгъэсынылхъэ игъэхъуапІэхэм щызэкІуэ уасэращ. Абы пащІэ а Іуэхущапіэм щІыдагъэм елэжь компаниеиэр и гъусэу мазитІ хъуауэ егъэхьэзыр щІыдагъэхэкІхэм ипэжыпІэкІэ я уасэр кьиІэзэрапщІэну щІыкІэр. Артемьев Игорь зэрыжиІамкІэ, ар хьэзыр зэрыхъуу, дагъэгъэсынылпхъэхэм я уасэр процент 15-кІэ ехуэхьнущ.

- Ар хьэзырщ, Правительствэм Іэрыдгъэхьащи, абы Іэ щыщІадзыжьын хуейуэ аращ, - жеІэ ФАС-м и унафэщІым.

Дагъэгъэсынылпхъэм я уасэм хэщІын щІидзэн хуейщ мы гъэм и яп зэ мазищым кІриубыдэу.

ФАС-м зи уасэр ириудыжьнухэм щыщщ хамэ къэралхэм кьраш шагъырри. Урысейм аркъэр щыпудмэ (щІышылэм и 1-м щыщІэдзауэ зы литр нкьхъэм сом 89-рэ нэхъ мащІэ хуэзэрккым), хамэщІ щащІа шагъырхэр егъэлеиуэ льэпІэщ.

- Франджым доллари 5 щиуасэ шагъырыр Урысейм къашэри, доллари 150-кІэ щащэж. А уаситІыр зэрызэщхьэщыкІ ахъшэр дэнэ здэкІуэр? - щІоупщІэ Артемьевыр. - Щ1эзэригъэжмкІэ, а рынокым уасэр щыбгъэмащІэ хъуным кьыщынэжкъым.

ФАС-м и лэжьакІуэхэм кьызэрахутамкІэ, фадэхэкІыр хамэ къэралхэм кьизэшыу Урысейм къезышащІэ затуущІэхэр мащІэ дыдэщ. Абы кьыхэкІыуи, зэгурыІуауэ зы уасэ игъэувыныр тынащ. (Ахэр зэрызэгурыІуэм и щІыхьэт ФАС-м кьыІэрыхьэмэ, ахэр щІидзауэ кьелъыхьуэ), фадэ зыщІэхэм я лэжьыгъэм ткІийуэ бгъэдыкьэнущ.

ФАС-р сату щІапІэ абрагъуэхэми я ужь йохьэ. Лэжьэн щІидзащ абыхэм я «шхапІэр» зыгъэмащІэ «Сатум техуэ законым». А хабзэщІэхэм я мардэм лэжьыгъэр кьрагъэтІэсэным ильэс нкьхъуэ трагъэкІуэдэну затуущІэхэм ирата пэтми, ФАС-м и нэІэ сату щІапІэшхуэхэм ятримыгъэкІыну Артемьевым кьеГъэгугъэ.

Антимонопольнэ Іуэхущапіэм и пщэрылъщ иджыри зы кьалэнышхуэ - кьулыкьущІэхэм ягу кьихьэ ирамыгъэщІэнкІ.Ахъшэшхуэ зыпэкІуэ кьэрал заказыр илэжьыну губернаторым иритыфынущ. ЕвІр зыдэгуашэ Іуэхущапіэ щІыкІуэхэм е кьэрал дэІэпыкъуэныгъэм кьыхэкІ ахъшэр езым и фейдэ кьыхуэзэзыгъэпщ компанием хуихьнынкІ зыхуэІуа щІыкъым.

- Антимонопольнэ хабзэу ди кьэралым кьыщызэпаудым и нкьхъуэм щІегъу кьулыкьущІэхэм ящІэщІэ ди дзэгуашэ Іуэхущапіэ щІыкІуэхэм е кьэрал дэІэпыкъуэныгъэм кьыхэкІ ахъшэр езым и фейдэ кьыхуэзэзыгъэпщ компанием хуихьнынкІ зыхуэІуа щІыкъым.

- Антимонопольнэ хабзэу ди кьэралым кьыщызэпаудым и нкьхъуэм щІегъу кьулыкьущІэхэм ягу кьихьэ ирамыгъэщІэнкІ. Ахъшэшхуэ зыпэкІуэ кьэрал заказыр илэжьыну губернаторым иритыфынущ. ЕвІр зыдэгуашэ Іуэхущапіэ щІыкІуэхэм е кьэрал дэІэпыкъуэныгъэм кьыхэкІ ахъшэр езым и фейдэ кьыхуэзэзыгъэпщ компанием хуихьнынкІ зыхуэІуа щІыкъым.

Абы и псальэхэм тепщІыхьмэ, астеноническэ щытыкІэхэм игъэтхъэусыхэхэм ЗД-кинотеатрым щащІэн щыІэкъым, я нэхэр псынщІэу ешу кьызэІыхьхьэнкІэ хъунущи.

Абы жьжьэу е гъунэгъуэ кьыщытыр тэмэму зэрримылъагъур нэгъуэжьм и абджкІэ зэгъэзэхуэжа хъуэмэ (псом хуэмыдэу +3-м щыщІэдзауэ -3-м нэс), шынагъуэ щыІэкъым. Ауэ, щІыхум и ныбжьыр ильэс 40-м щІигъуамэ, дауи, а узым и зэранкІэ, зэпльым фІы льэпкъ кьыхихьынукъым.

ЦІыхум и щытыкІэр зыхуэдэнур кьудкІэ еубзыху ар зэпльфильмым и кІыхьагьми. ФІыщ ЗД-кинотеатрхэм кьыщагъэльагъуэ псоми я нэхьыбэр сыхьэтитІым кьызэритІаСэр.

ЗД-фильмым зеплъынкІ хузбгъадэ хьунущ зи монитоpыр кьудкІэ нэхъ Іупщі комплектым убгъэдэсу уплжьэным. Нэр гугъу ирегъэхь эпымыууэ фІыуэ зэхитьагъуЕын хуей куэд и пащхьэ зэритми. Абы кьыхэкІыуи, компьютерым е телевизорым нэхърэ 3Д-Іэмалым нэхъ хэкъуэзуэ нэр егъэлажьэ.

НэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ укьыщеплъмэ, 3Д-форматым фІы гуэрхэри хэбгъуэтэнущ. Псальэм папщІэ, апхуэдэ фильмым щеплъмэ гугъу ехьа щІыхум кьыгуроІуэ дохутырым и деж мыкІуэу зэрымыхьужынур.

- Мыгувэу 3Д-телевизорхэр кьызэрыпэнхэуми фІы куэд хэльщ. Абы щІыхуэр унэм зэрыщеплъынум дыхуишэнущ нэм и узышыгъэм хуэсакъынынм. Унэм ар щІыхум щыуІэнкІ щІигъэнэнущ, щІыхуэм игъэункІыфІынущ. Абы и нэр иригъэсэнущ а формэтым телъажьэу,- жеІэ Малюгин Борис.

ПОТАПОВЭ Полинэ.

Уи нэм хуэсакъ

3Д-кинотеатрым Джеймс Кэмерон зи режиссер «Аватар» фильмым щеплъа нэужь, Гайвань щыщ зы щІыхуэхъу дуней екъжащ. Медвкспертхэм кьызэрахутамкІэ, абы и щхьэусыгъуэ и щІыхьэт зэрыдгуэйм.

НЭХЪАПЭИУЭКІЭ а кинотеатрым фильм щеплъахэр мызэ-мазиІТу ин гъэтхъэусыхэ я щыхьэзыгъэ, я нэр зэрыщынкІыфІыкІым, жьыр кьаззэрыпнуфыбдым. 3Д-кинотеатрым щыІа инджылыз мелуани 3-м щІигъум я щхьэр узащ «Аватар» фильмым щеплъым.

А псор и лъабжьэу Урысеймри щызэхагъэкІыу щІадзащ 3Д-технологиехэм щынагъэуз кьанкърыкІыр зыхуэдизыр. ИкІи «Известия» гъэтхэм и корреспондент Полинэ зэхигъэкІащ апхуэдэ фильмэхэр зэмызэгъынуэхэр хэтсымэм.

- 3Д-фильмхэм зэреплъым зэранкъэ льэпкъ щІыхуэм я нэхьыбэм кьахуихьыркъым. Ауэ щыІэщ ар зэмызэгъынуэхэри. Псальэм папщІэ, «бинокулярное зрение» жьхуаІэр тэмэму мылажьэмэ, апхуэдэ кинотеатр ущІыхьэ хъунукъым. Ар зы нэм адрейм нэхъкІэ щыплъагъуэ и дежщ. Апхуэдэ узыфэ зиІэхэм 3Д-технологиехэр кьызэрымыгуэкІ зыщІ щытыкІэхэм щыщу зыри ялъагъунукъым, стереотеплъэр зыхащІэнукъыми, экраным трИдэ сурэт псоми кьызэрыгуэкІыу Іупльэнущ, - жеІэ Федоров С.Н. и цІэр зезыхьэ «Микрохирургия глаза» щІэныгъэтехникэ комплексым и унафэщІ Малюгин Борис.

Абы и псальэхэм тепщІыхьмэ, астеноническэ щытыкІэхэм игъэтхъэусыхэхэми 3Д-кинотеатрым щащІэн щыІэкъым, я нэхэр псынщІэу ешу кьызэІыхьхьэнкІэ хъунущи.

Абы жьжьэу е гъунэгъуэ кьыщытыр тэмэму зэрримылъагъур нэгъуэжьм и абджкІэ зэгъэзэхуэжа хъуэмэ (псом хуэмыдэу +3-м щыщІэдзауэ -3-м нэс), шынагъуэ щыІэкъым. Ауэ, щІыхум и ныбжьыр ильэс 40-м щІигъуамэ, дауи, а узым и зэранкІэ, зэпльым фІы льэпкъ кьыхихьынукъым.

ЦІыхум и щытыкІэр зыхуэдэнур кьудкІэ еубзыху ар зэпльфильмым и кІыхьагьми. ФІыщ ЗД-кинотеатрхэм кьыщагъэльагъуэ псоми я нэхьыбэр сыхьэтитІым кьызэритІаСэр.

ЗД-фильмым зеплъынкІ хузбгъадэ хьунущ зи монитоpыр кьудкІэ нэхъ Іупщі комплектым убгъэдэсу уплжьэным. Нэр гугъу ирегъэхь эпымыууэ фІыуэ зэхитьагъуЕын хуей куэд и пащхьэ зэритми. Абы кьыхэкІыуи, компьютерым е телевизорым нэхърэ 3Д-Іэмалым нэхъ хэкъуэзуэ нэр егъэлажьэ.

НэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ укьыщеплъмэ, 3Д-форматым фІы гуэрхэри хэбгъуэтэнущ. Псальэм папщІэ, апхуэдэ фильмым щеплъмэ гугъу ехьа щІыхум кьыгуроІуэ дохутырым и деж мыкІуэу зэрымыхьужынур.

- Мыгувэу 3Д-телевизорхэр кьызэрыпэнхэуми фІы куэд хэльщ. Абы щІыхуэр унэм зэрыщеплъынум дыхуишэнущ нэм и узышыгъэм хуэсакъынынм. Унэм ар щІыхум щыуІэнкІ щІигъэнэнущ, щІыхуэм игъэункІыфІынущ. Абы и нэр иригъэсэнущ а формэтым телъажьэу,- жеІэ Малюгин Борис.

ПОТАПОВЭ Полинэ.

Сыхьэт 14-кІэ

Урысей Федерацэм узыншагъэр хъумэныжкІэ и министр Голиковэ Татьянэ къыхилъхьащ сыхьэти 10-кІэ лажьэ сабий садхэм я бжыгъэм хэгъэхъуауэ, Іэнатіэ пэрыт адэ-анэм я Іуэхур нэхъ тынш щІын хуейуэ.

ПСОМ ялп апхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр кьыщыхъуар Москвращ. Сыхьэт 14-кІэ лажьэ, кьалащхьэм щыІэ сабий садхэм я бжыгъэм зэхъуэ зэпытщ. Абы щыгъуэми, Совет Союзым и зэманым куэду щыІа, жэщитху-мазэхитхукІэ уи быныр щапІу щІыта Іуэхущапіэхэр гъэуэтыгъуэт хъужащ. Сабий садхэм я лэжьыгъуэ зэманым хэгъэхъуэныным теухуа къэрал унафэ щымыІэми, хуэбгъэфащэ хъунущ пІалъэ кІэщІым кьриубыдэу Урысей Федерацэм псом абы щыщыбгъужьну.

ГАРАНЕНКЭ Аннэ.
«Известия».

Къэралхэр кьызэдожэ

Дунейпсо экономикэр зыхуэкІуэнкІэ хъуну Іуэхугъуэхэм теухуауэ «Pricewaterhouse Coopers» консалтинг, аудитор компанием кьигъэльагъуэ щытыкІэхэр икъукІэ куэдым яфІэгъэщІэгъуэн хъуащ. А Іуэхущапіэр Европэм щыпэрытхэм ящыщ зыщ. Абы кьызэрибжамкІэ, Урысеймрэ и экономикэр Европэм щынэхъ льэщ льэ хъун хуейщ, ильэс 20 нэхъ дэмыкІыу. Дунейпсо экономикэм а зэманым щыубыдынущ 5-нэ кьыщІэр.

ЭКСПЕРТХЭМ зэрыжаІэмкІэ, 2030 гъэм ирихьэлІэу Урысейр щхьэдэхьнущ Германиеми Франджыми. Европэм и Іэщ1агъэлІхэм кьаІытэ дяпэкІэ дунейпсо геополитикэм революцэ псо кьыщыхьуну. Кьэралыпхуи 7-р (G7) мыгувэу экономикэ тепщэныгъэм и увыпІэхэм щызэщІыкІуатэу нэгъуэщІхэри зыхагъэхьэным ирахуІэнущ. Абыхэм гъунэгъу кьахуэхъуащ Е7 зыфІаца гупым хэт къэралхэм я экономикэр. Абы хеубыдэ Китайр, Урысейр, Индиер, Бразилиер, Мексикэр, Индонезиер, Тыркур. А блым я ВВП-р G7 гупым хэт къэралхэм яйм льэщІыбэу зэхъуну 2019 гъэм нэхъ фІэмыкІыу, 2030 гъэм я ВВП-р процент 30-кІэ нэдрей нэхъ льэрызэхьэу ябжхэм я ВВП-м щхьэдэхьнущ. ИкІэм-икІэжьм, дунейпсо экономикэм япэ увыпІэхэр щаубыдынущ Китайм, США-м, Индием, Бразилием, Урысейм, Мексикэм, Франджым, Инджылызым.

ТЕРЕНТЬЕВ Владимир.
«Комсомольская правда».

Хуагъэфащэ

США



2009 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм Москва щыхьэщІащ США-м щыщ тхакІуэ-психотерапевт щ1ырыІуэ Ялом Ирвин, «Нищие щыгъым щыгъуэ», «Щопенгауэр хущхьуэм худогъадэ» тхыльхэр, нэгъуэщІхэри зи Іэдакъэщ1экІыр. Ялом Стенфорд университетым и профессорщ, Pfizer сауГъэтыр (Нобель ем хуэдэр) къыхуагъэфащащ. ТхакІуэ щ1ырыІуэм и адэ-анэр Урысеймрэ къащащІащ, ауэ езым япэу ильаГъуу араш аджж щыиналъэр.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ГЪУЩІО Зарифщ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

●Фи лъэIыкIэ тыдодзэ

Лъабжьэхэмрэ къуэпсхэмрэ

Кавказыбзэхэм я зэIыхьлагъэ зэлыщIэныгъэхэр

**Бзэм и тхылэр джын зэрыщIадзэ лъандэрэ щIэныгъэлIхэм гулъытэшхэу кьыхуащI кавказыбзэхэм. Абы и щхьэусыгъэхэр. нэмыщI щIэныгъэщI Дирр Адольф зэрыжиIащи, кьыхэзыгъэхьр бзэ бын абрагъхэуэу индоевропей, семит-хамит, угро-финн жьыхуэIэхэм я кум зэрыхуэзэр араш. А бзэ бынищмэ я тхылэр нэсу джа кьуэнукъым, абыхэм кавказыбзэхэм пыщIэныгъэ кьыхуаIахэр мыубзыхуауэ. Компаративистикэм и ублакIуэ нэмыщI щIэныгъэлI Ф. Бопп ар и гъуэзэу зыкъыхуигъэзат кулрыкъ бзэ бынищмэ,икIи а зманкъым кьыдызатат ар индоевропей бзэхэм я благъэу, жьк нужькIэ прагъэкIуэжIа кьэхутэныгъэжьмэ кьрыщIагъэщащ щIэныгъэлI щIрыIуэр зэрыщIыуар, ауэ абы кьигъэмэщIакъым кавказыбзэхэм кьыхуащI гулъытэр.

ЩIэныгъэлIхэм зыкъащIрт пасэ лъэхъэнэ кавказыбзэхэр бзэныщIхуэу зэрыщIатар, абы и хузмэбкьымэ гъуэгурыкIуэ.

ГУЭХУГЪУЭ щхьэхуэхэм якуэхуа лэжьыигъэ мыинхэм нэмыщI, Ивановым итхащI пэжьа хъуар къэзыщIыпхъэ кьэхутэныгъэхэр. Апхуэдэхэм ящыщ зыщ, псалъэм папщIэ, «Об отношении хаттского языка к северозападнокавказкискимжьыхуиIэр. А Iуэхугъуэхэм ятеуха иэтIэуащI IэмкIыгъэхэм тIыпыкIуэ куэдкIэ иофIэкI мы тхыгъэр. Адрейхэм псалъэ щхьэхуэхэр зэрагъапщэжь, мыбы грамматикэри фонетикэри щIыIэзэпищащ, нэгъуэщIу жьыпIэмэ, щIэныгъэр и лъабжьэу тха хъуащ. Арат адрейхэм яхуэчэмыр. Псалъэ щхьэхуэхэри зэбгъэпщэну гъэщIагъэнщ, мыкъэнэнщIуи жьыпIэ хъунукъым, ауэ бзитIым я зэблагъасэр зэрарубзыху Iэмал хъуркъым, сыт щхьэкIэ жьыпIэмэ, бзэхэр псалъэхэмкIэ зэпэIэбэ хабзэщ, зэблагъэ-зэмыблагъэм емыльпатуэ.

Тхыгъэм и япэ Iыхьэм щIэзэгъэпщащ зэрагъэльагъуэ щхьэ щIэпащIэхэр. Абыхэм зы хэкIыпIэ зэрагъэ нэрылъагъу кьиущIащ щIэныгъэлIым. Хьэтыбзэм абхъаз-адыгэ бзэхэмэ щхьэ префиксэр зэхуэдэу кьагъэсэбэн, уеблэмэ зэщхьу субъект-объект зэхущытыкIэхэр а префиксхэмкIэ кьагъэльагъуэ. Ар зэрымыщIэкIэ зэтехуэ Iуэхуэкьым, атIэ зэдай Iуэхьу зэрыщытым и нэщанащ. Адэжь Иванов Вячеслав наIуэ кьещI нэгъэщI гъ гIапIл фащэхэри зэдайуэ зэрыщытыр, апхуэдэщ глагол превербэхри, лъ жьыгъэр здуэхэ лъэныкъуэр, щекIуэкI щIыпIэр кьэзыгъэльагъуэхэр. Префикс, суффикс зыпIуэвэ глагол лъабжьэхэри зэдайуэ зэрыщIтыр щапхъэхэм Iуэпщ мэхъу. ЩIэныгъэлIым кьыхэгъэщхьэхукI грамматикэ класскIэ зэджэ категориер.

Хьэтыбзэм и пIуэхьэхэр адыгэбзэм кьыхьбогъэщхьэхукIыф, абхъазыбзэм ехьуэмэ нобэр кьыздэсым. Ар щIэныгъэм дежкIэ, ди бзэм и тхыдэр бубзыхьмкIэ мыхьэнэщIу зиIэ Iуэхуэщ.

НэгъэщI грамматикэ формант кудэ зи гугъу ищI бзэхэм зэрызэдайр кьыщIингъэщащ ещхьгъэщхэм. Ауэр поив щыIэщIэхэм, нэгъэщI щIэ щIрыжьыгъуэхэм, гламолхэм, Абыхэм я хэкIыпIэр щнчбзыхукIэ, щIэныгъэлIым кьеГъэсэбэн хуррит, урарту, щэшэн-дагъыстэн бзэхэр. Ар зыхуэщ. А бзэ псоим зы хэкIыпIэ яIащ, зэхэкIа нэужь, кьызыхэкIа бзэм и щIэнну кьахуэнауэ зэдай кудэ хэтщ.

Псалъэ 84-м я этимологиер еубзыху Ивановым хьэтыбзэмрэ абхъаз-адыгэбзэкIэрэ зэдайуэ. Абыи и ужькIэ хабзэ пыухыкIам тету абыхэм я макъхэм зэрызахуэжар кьеГъэльагъэри, нобэ а бзэхэм щыIэзэпуэ макъхэм я хэкIыпIэр кьехутэ. ГъэщIэгъэн кудэ кьыщыжыкIащ «Гъэльпатапхэ» Iыхьэм. НэгъэщI Iтыгъэ зыбжанэ иIэщ Иванов Вячеслав мы Iуэхугъэм теухуаэ. Ар зытепсэлъыхьыр кьуэуэ кIуэцIропль, кудэ щызэпельыт, нэгъэщIым и акъыл зыхуэмыкIуэным гу льетэ.

Iыхь нужь пIэлъхьэ зэрагъэ лэжьыгъэхэм ящыщу дэркIэ гъэщIэгъэун зыбжанэм дытепсэлъыхьынщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Николаев С. Л. и гъэжьагъэ «Северокавказские заимствования в хеттском и древнегреческом языках» жьыхуиIэр. Тхыгъэр IыхьитIу гъэшащ. Iпэ Iыхьэм кьыщыгъэльагъуэ щIэзэрэ кавказыбзэхэмрэ хеттыбзэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэ хэр, нэхъ пэжу жьыпIэмэ, яIэрейхэм ящыщу хеттыбзэм зыкъыхэзыгъэ. Ахэр псалъэ 32-рэ мэхъу. Iуэхугъуэ кудэ зэпилытыгъэ, щIэныгъэлIым наIуэ кьещI зытепсэлъыхь псалъэхэр ищхъэрэ кавказыбзэхэм (хьэту, абхъаз-адыгэ, шэшэн-дагъыстэн) хэкIыу хеттыбзэм зэрыхьыхьар. (Хетт псалъэри хатт псалъэри зыщ, зэмыщIыу кьыщIагъэсэбэнри кьагъэльагъуэ мыхьэнэр иригэ хаГу лъытапхъэщ: си гъуэгу щIэныгъэлIхэр кьэзыгъэльагъуэ семит тхыбзэм псалъэр -хт- жиIэу хэтщ. -Хатт- жиIэу атхэм, пащэрей мыиндоевропей бзэр икIи ар зезыхьэ лъэныкъуэ кьрагъэльагъуэ. «Хетт- жиIэу атхэм, а цIэр зыифIэзыщIыжа, ауэ индоевропей бзэхэм ящыщIыпIэ зыкъыхэзыгъэ кьрагъэльагъуэ. ЛъэпкъитIыр зэхэзэрыхьа нэужь, индоевропейцхэм кьащтад езыхэм я хамэу щыта хьэту цIэр, ауэ езыхэм я бзэр хьэтухэм кьащтад, я бзэм и нэщэнэ Iэджи кьащта бзэм иратри).

ЕтIуанэ Iыхьэм кьыщыIэзэльагъуэ альыджьбзэм ыхьэ псалъэ 43-рэ. Ахэр ищхъэрэ кавказыбзэхэм хэкIыу алыджьбзэм зэрыыхьар кьегъэльагъуэ Iуэхугъуэ кудэ тепъщIапIэ ищIурэ, псом хуэмыдау а псалъэхэм индоевропей этимологие зэрамыIэр. Зи гугъу тщIы Iуэхугъуэм гулъытэ хэха хуэзыщI Старостин С. А. лэжьыигъэ гъэщIэгъэн зыбжанэ кьыритращащ. Абыхэм зы хэкIыпIэ зэрагъэ нэрылъагъу кьиущIащ щIэныгъэлIым. Хьэтыбзэм абхъаз-адыгэ бзэхэмэ щхьэ кIэ благъасэм и щхьэхэт тIыпыкIуэ кьагъэльагъуэ. Ар зэрымыщIэкIэ зэтехуэ псалъэхэр гуп-гупу гуэшащ. Псори зэкэту псалъэхэр 80-м щIегъуэ. Ахэр я мыхьэнэ етыыгъуэ гуп-гупу зэрыыхуэгъэзыыр Iуэхуэм кьыхэпльтэхмэ, а кьомыр благъагъэм и нэщэнэу кьыщIыхьункIэ мэхъу. Ауэ Iуэхуэр абы теткъым. Мы бзэ бынитIым зэдай псалъэхэр «щIэнхабзэ терминологиехьхуаIэм хохьэ, бзэкэм зIэпах хабзэщ икIи благъагъэм и щIыхьэт пщIы хьэнукъым. Абы щхьэхуаIэм и щхьэкIэм емыльпатуэу, бзэ псоми зэдзыхэ хабзэ псалъэхэщ благъагъэм и нэщэнэ хьур.

Старостиным кьыззэрыльтэмкIэ, мы бзэ бынитIым зэдыхэт псалъэхэм хэкIыпIэ нэхъ яхуэхъуар кавказыбзэхэщ. Ари аргумент зыбжанэхэкIэ кьеГъэльагъуэ. *Ягъэдаку*, а псалъэхэм индоевропей этимологие зэрамыIэр; *етIуанэрагъу* кавказыбзэ махъ зыбжанэм индоевропейхэм макъ закъуэ кьыззэрыпадзыр (кьахъуэмыпсэль кавказ махъ гугъуэгр тыпщ зэращIыр), н. кь. ИщхьэкIэ зи гугъу тщIа тхыгъэм зыкьомкIэ бгъэдэхъ а щIэныгъэлIым и аргументхэр «Культурная лексика в общесеверокавказском словарном фонде» зыфIищар. Мыбдежым, ятэм ещхьу, псалъэхэр гуп-гупу гуэшащ, я мыхьэнэ тещIыхьауэ. Iэщ гъэхъунымрэ ешащ ищIыхьэ. Iэщ гъэхъунымыш - 16, металургиемрэ - 6, Iэмэпсымэ, абыкIэ зэрыламжьым зэредэж - 12, псэуалъэщIэу - 9 (псори зэкэту 72 мэхъу). Ягъэдаку ар ищIыхьэ кьэзыгъэльагъуэ Iуэхуэм теухуаэ. А хьэту-кавказ терминыр ыкIи хьащ индоевропей, семит-хамит, н. кь. бзэ кудэм. Ар и щIыхьэтщ дунейпсо щэнхабзэм и зыужьныныгъэм хэтхьэныгъэ зэрыхуащIам. Мечеславский Игорь зэрыжиIэмкIэ, а терминым кьыщIэбыдэ пасэм щыIэуэ Пэ1ущIэ Азием щыпсэуа лъэпкъхэм я бзэ щымыIэжхэмрэ абыхэм я благъэу ябж кавказыбзэхэмрэ. Пасэ лъэхъэнэм Пэ1ущIэ Азием щыIа бзэхэр кавказыбзэхэм зэрагъэльагъэр ди зэманым гипотезэжьым, атIэ ар щIэныгъэ хабзэ хэмт тету нэрылъагъу къащIащ.

ИщхьэкIэ зи гугъу тщIа Старостиныр Дьяконовымрэ я гъэжьагъэ «Хуррито-урартские и восточнокавказские языки» жьыхуиIэм псалъэ 168-рэ хуэ этимологие псалъэгъэ кьыззэщIыбыдэ. Абы кьыщыхьа псалъэхэр зэблагъэу кьыщIыхьэ. ЗэрыхуагъэфащIэмкIэ, а терминым кьыщIэбыдэ пасэм щыIэуэ Пэ1ущIэ Азием щыпсэуа лъэпкъхэм я бзэ щымыIэжхэмрэ абыхэм я благъэу ябж кавказыбзэхэмрэ. Пасэ лъэхъэнэм Пэ1ущIэ Азием щыIа бзэхэр кавказыбзэхэм зэрагъэльагъэр ди зэманым гипотезэжьым, атIэ ар щIэныгъэ хабзэ хэмт тету нэрылъагъу къащIащ.

ИщхьэкIэ зи гугъу тщIа Старостиныр Дьяконовымрэ я гъэжьагъэ «Хуррито-урартские и восточнокавказские языки» жьыхуиIэм псалъэ 168-рэ хуэ этимологие псалъэгъэ кьыззэщIыбыдэ. Абы кьыщыхьа псалъэхэр зэблагъэу кьыщIыхьэ. ЗэрыхуагъэфащIэмкIэ, а терминым кьыщIэбыдэ пасэм щыIэуэ Пэ1ущIэ Азием щыпсэуа лъэпкъхэм я бзэ щымыIэжхэмрэ абыхэм я благъэу ябж кавказыбзэхэмрэ. Пасэ лъэхъэнэм Пэ1ущIэ Азием щыIа бзэхэр кавказыбзэхэм зэрагъэльагъэр ди зэманым гипотезэжьым, атIэ ар щIэныгъэ хабзэ хэмт тету нэрылъагъу къащIащ.

ЩIэныгъэлIхэм я гугъу тщIа Старостиныр Дьяконовымрэ я гъэжьагъэ «Хуррито-урартские и восточнокавказские языки» жьыхуиIэм псалъэ 168-рэ хуэ этимологие псалъэхэр